

Ki moun ki kapab

resevwa

sèvis sipò

timoun?

Tout timoun gen dwa pou li resevwa sipò nan men toude paran-li jiskaske li vin gen 18 an daj. Sa se lalwa nan eta Laflorid (gen lòt eta ki pa gen menm lwa). Kounyeya Laflorid pi djyanm nan zafè timoun k'ap resevwa sipò sa-a.

Lè yon paran oswa yon moun ki responsab yon timoun gen chay timoun-nan epi lòt paran-an pa bay sipò finansye, Pwogram Ranfòsman Sipò Timoun nan Biwo Komisè Gouvènman an (SAO) kapab ede.

Si'w se paran ki gen chay yon timoun (ki vle di, timoun-nan rete nan menm kay avèk-ou), w' pa poukont'w nan efò w'ap fè pou ou jwenn lajan oswa avantaj medikal pou pitit-ou. Nou la pou' n ede w' ansanm ak tout pitit ou.

N'ap ed-ew nan domèn sila-yo

- ▶ Jwenn ki kote paran ki disparèt-la ye, pou'l kapab bay lajan pou sipò timoun-nan
- ▶ Detèmine patènite, lè sa nesèsè
- ▶ Tabli yon manda pou sipò medikal ak finansye
- ▶ Fè yo respekte manda pou sipò
- ▶ Modifye manda pou sipò

Kijan yo jere lajan moun peye pou sipò?

Tout lajan yo bay pou sipò timoun fèt pou l'ale nan kont bank State of Florida Disbursement Unit, PO Box 8500, Tallahassee, FL 32314-8500. Yo kreye dosye ki ofisyèl nan tribinal sou zafè peman ak debousman lajan, sa ki pèmèt pwogram sipò timoun nan kapab ranfòse epitou kontwòle ka sipò timoun paw' la . Ou pa fèt pou w' pran lajan dirèkteman nan men paran hi sipoze peye a . Si' w pa resevwa asistans piblik, y'ap voye yon chèk pa lapòs pou'w , nòmalmman nan yon delè de jou travay apre yo fin resevwa peman-an; chèk sa-a se Tallahassee l'ap sòti. Si'w resevwa asistans piblik, Eta Laflorid ap kenbe peman-yo kòm ranbousman lajan asistans piblik w'ap resevwa nan men leta.

Kijan m kapab jwenn infòmasyon sou jan ka m-nan ap mache?

Eseye konprann ke nou pwal sèvi ak tout resous ki disponib pou rezoud ka'w la . Ou dwe ban-nou tan ki nesèsè pou nou fini ak rechèch n'ap fè nan kad ka pa w' la. Lè ou plede ap rele biwo nou-an san rete pou poze keksyon sou jan ka'w la ap mache, sa bay reta sou jesyon ka-a. Men si w gen nenpòt nouvo enfòmasyon sou paran ki pa gen chay timoun yo, tankou kote li ye, kote l' ap travay, nimewo sekirite sosyal li, eksetera, tanpri rele nou . Pou w' bay nouvo infòmasyon, oswa si'w gen keksyon sou ka w' la, kontakte sant apèl nou-an nan (305) 530-2600.



BIWO AVOKA ETA A NAN MIAMI-DADE

Divisyon Ranfòsman Sipò Timoun
100 South Biscayne Blvd, Suite 3100

Miami, Florida 33131
(305) 530-2600

www.miamisao.com

201_01-71 11/07



**Katherine
Fernandez Rundle**

KOMISÈ GOUVÈNMANÈ
www.miamisao.com

Lajistis Kómanse Isi a



**Ranfòfaman
Sipò
TIMOUN**

Èske’w kapab jwenn ki kote paran ki pa gen chay timoun-nan (NCP) ye?

Nou fèt pou nou konnen ki kote pou’n jwenn paran ki responsab bay sipò-a. Si’n pa konnen kote l’ye, n’ap chèche’l gras a tout kalite resous lokal, leta ak federal ki genyen pou jwenn ki kote yon moun ye. Nap mande’w pou’w bay tout infòmasyon ou genyen sou paran ki pa gen chay timoun nan. Patisipasyon’w se va yon bagay ki inpòtan.

Kisa yo rele etablisman patènite?

Èske’w kapab ede’m si’m gen yon manda pou sipò timoun ki egziste deja?

Si’w deja gen yon manda pou sipò timoun ak asirans medikal, n’ap sèvi ak fòs total lalwa pou fè yo respekte manda sa-a. Si tribinal-la pa bay manda, premye sa n’ap fè, n’ap tabli yon obligasyon sipò timoun ak sipò medikal.

Kijan pou mwen aplike pou sèvis?

Si’w se yon paran k’ap resevwa asistans piblik, Mediked avèk/ oswa kupon pou manje, y’ap refere-w otomatikman bay Divizyon Ranfòsman Sipò Timoun. Ou fèt pou’w kowopere avèk efò n’ap fè pou’w resevwa sipò. Si’w pa reponn lè nou mande’w infòmasyon oswa si’w pa vini nan randevou ak jijman nan tribinal yo, sa ka lakòz yo inpoze sanksyon k’ap fè’w vin gen mwens avantaj oswa ou vin pa gen avantaj ditou.

Si’w pa resevwa asistans piblik oswa Mediked, ou fèt pou ou ranpli yon aplikasyon pou sèvis nou. Kowoperasyon’w se yon bagay obligatwa. Si’w pa kowopere, sa kapab lakòz yo femen ka sipò pou timoun ou an.

Kijan mwen kapab resevwa yon manda pou sipò timoun?

Yap revise ka’w a pou yo wè si’w ranpli kondisyon po yo kreye lòd administratif. Si ka’w la ranpli kondisyon sa a, oudenm oswa paran ki pa gen chay timoun nan, dwe ranpli yon dokiman epi remèt dokiman sa yo alè. Depi dokiman sa yo rive

alè nan men nou, yon manda degzekisyon on ap kreye san ke’w pa bezwen ale nan tribinal. Si ka’w la pa ranpli kondisyon sa yo pou yon manda degzekisyon nap trete ka’w la devan yon jij.

Y’ap ba’w yon randevou nan yon lèt k ap gen ladann lis tout dokiman’w dwe pote nan randevou-an. N’ap bezwen infòmasyon sou kantite lajan ni ou menm, ni paran ki pa gen chay timoun-nan fè, pou tabli yon ka sipò. W’ap gen pou’w bay yon esplikasyon alekri si’w pa kapab jwenn sèten papye. Ou fèt pou’w bay tou infòmasyon espesifik sou nenpòt lòt ka legal ki konsène pitit-ou, kèlkeswa kalite ka li ye oswa li te ye. N’ap an mezi jere ka’w la pi vit si ou pote tout dokiman ak tout infòmasyon yo mande’w.

Konbyen tan li pran pou yo resevwa yon manda?

Si’w konnen kote paran ki pa gen chay timoun-nan ye, y’ap anrejistre ka-a epi paran ki pa gen chay timoun-nan ap resevwa kopi dokiman’w siyen-an, ansanm ak tout affidavit finansye’w . Si sa nesèsè, y’ ap bay yon dat pou nou parèt devan tribinal, apre nou fin konnen ke paran ki pa gen chay timoun-nan resevwa papye ki konsène ka-a. Nou pa kapab di egzakteman konbyen tan l’ap pran pou n’ale devan lajistis; chak ka diferan. Faktè tankou avoka ki opoze, demann pou tès patènite, oswa nesosite pou kopi sètifye manda sipò ki egziste deja, kapab bay reta. Ou kapab resevwa yon manda nan twa mwa (pou pi piti), menm jan tou ou kapab resevwa-l nan ennan (pou pi plis).

Ki kantite lajan y’ap mande pou sipò timoun-nan?

Kantite lanjan yo mande baze sou direktiv ke lwa Laflorid mete sou pye; direktiv sa-yo pran an konsiderasyon sa timoun-nan bezwen ak kantite lajan chak paran fè. Y’ap gade tou ki kantite lajan timoun-nan bezwen pou l’ale nan gadri epi pou li jwenn asirans sante. Kou yo anrejistre yon manda, an jeneral se pou sipò timoun nan moman prezan-an, pou asirans medikal, ak petèt lòt ka tankou sipò ki retwoaktif. An jeneral yo bay yon manda dediksyon sou revni nan chak jijman, ki vle di chak peman sèti dirèkteman nan chèk travay paran ki pa gen chay timoun-nan.

Kisa ki rive lè paran ki pa gen chay timoun-nan pa bay lajan?

Inite ranfòsman nou-an ap travay pou yo fè paran ki pa gen chay timoun-nan kontinye peye

Men kèk metòd ranfòsman nou itilize:

Dediksyon nan lajan paran-an fè

Nou pran lajan sou chèk travay paran ki pa gen chay timoun-nan.

Pran lajan IRS ranbouse anvan li rive nan men mèt li

Yo kapab pran lajan sou chèk IRS voye bay paran-an, depi anvan li rive jwenn chèk sa-a.

Pran lajan loto anvan li rive nan men mèt li

Yo kapab pran lajan paran-an genyen nan loto Florid lè li \$600 oswa pi plis.

Poze sele

Nan sèten ka, tribinal kapab poze sele sou kay ak pwopriyete pèsònèl paran an.

Ajans ki rapòte infòmasyon sou konsomatè

Yo bay infòmasyon lè paran an pa peye sipò pou timoun nan bay ajans ki rapòte infòmasyon sou kredi,sa ki kapab afekte kredi paran ki pa gen chay timoun-nan.

Sispansyon lisans

Lisans pou kondwi, anrejistremachin, ak lisans biznis pwo-fesyonèl kapab sispann oswa anile.

Referans pou dezobeyisans tribinal

Yo kapab refere ka-a bay lajistis, kote para- an kapab resevwa penalite tankou prizon.

Refi Paspò

Yo kapab refize bay paran ki pa gen chay timoun-nan paspò si kantite lajan sètifye li dwe a depase \$2,500.

Èske kantite lajan yo bay pou sipò timoun-nan kapab vin pi plis?

Kou yo fin tabli manda sipò-a, yo kapab modifye li si gen yon chanjman inpòtan nan sitiyasyon finansye’w oswa sitiyasyon paran ki pa gen chay timoun nan. Si’w mande modifikasyon-an, n’ap rekalkile montan lajan-an baze sou sitiyasyon finansye prezan tou de paran yo. Nòmalmman, nou voye petisyon pou modifikasyon-an nan tribinal si nou wè ke montan lajan-an ta dwe chanje de 15% oswa \$50 pa mwa, sa ki pi plis la. Si se yon ka ki ant eta (ki enplike yon lòt eta ladann), kapab gen restriksyon anplis.

Èske’w kapab ede si paran ki pa gen chay timoun-nan rete nan yon lòt eta?

Wi. Lè paran ki gen chay timoun-nan ak paran ki pa gen chay timoun lan pa rete nan menm eta, Biwo Komise Gouvenman -an travay ak Biwo Sipò Timoun ki nan eta sa-yo. Lè paran ki pa gen chay timoun-nan rete nan yon lòt eta, nou fèt pou nou pèmèt Biwo Ranfòsman Sipò Timoun ki nan lòt eta-a ansanm ak sistèm tribinal-la jere ka-a selon kantite tan ki aplike nan eta yo’a, kòm yo gen otorite legal.

Si n’ap eseye tabli yon nouvo manda pou sipò, pwosedi-a kapab pran 6 a 12 mwa. Si deja gen yon manda pou sipò, gen de eta k’ap kite nou dedwi sipò nan chèk salè paran ki pa gen chay timoun-nan. Men si paran ki pa gen chay timoun-nan viv nan yon eta ki pa pèmèt sa, oswa si pa gen okenn manda pou sipò, nou fèt pou nou anrejistre ka-a ak ajan sipò timoun nan lòt eta-a.

Akò entènasyonal nan peyi etranje pèmèt nou aji pou’w menm lè paran ki pa gen chay timoun la viv nan yon lòt peyi.

Ki moun ki kapab resevwa

sèvis sipò timoun?

Tout timoun gen dwa pou li resevwa sipò nan men toude paran-li jiskaske li vin gen 18 an daj. Sa se lalwa nan eta Laflorid (gen lòt eta ki pa gen menm lwa). Kounyeya Laflorid pi djyanm nan zafè timoun k'ap resevwa sipò sa-a.

Lè yon paran oswa yon moun ki responsab yon timoun gen chay timoun-nan epi lòt paran-an pa bay sipò finansye, Pwogram Ranfòsman Sipò Timoun nan Biwo Komisè Gouvènman an (SAO) kapab ede.

Si'w se paran ki gen chay yon timoun (ki vle di, timoun-nan rete nan menm kay avèk-ou), w' pa poukont'w nan efò w'ap fè pou ou jwenn lajan oswa avantaj medikal pou pitit-ou. Nou la pou' n ede w' ansanm ak tout pitit ou.

N'ap ed-ew nan domèn sila-yo

- ▶ Jwenn ki kote paran ki disparèt-la ye, pou'l kapab bay lajan pou sipò timoun-nan
- ▶ Detèmine patènite, lè sa nesèsè
- ▶ Tabli yon manda pou sipò medikal ak finansye
- ▶ Fè yo respekte manda pou sipò
- ▶ Modifye manda pou sipò

Kijan yo jere lajan moun peye pou sipò?

Tout lajan yo bay pou sipò timoun fèt pou l'ale nan kont bank State of Florida Disbursement Unit, PO Box 8500, Tallahassee, FL 32314-8500. Yo kreye dosye ki ofisyèl nan tribinal sou zafè peman ak debousman lajan, sa ki pèmèt pwogram sipò timoun nan kapab ranfòse epitou kontwòle ka sipò timoun paw' la . Ou pa fèt pou w' pran lajan dirèkteman nan men paran hi sipoze peye a . Si'w pa resevwa asistans piblik, y'ap voye yon chèk pa lapòs pou'w , nòmalmman nan yon delè de jou travay apre yo fin resevwa peman-an; chèk sa-a se Tallahassee l'ap sòti. Si'w resevwa asistans piblik, Eta Laflorid ap kenbe peman-yo kòm ranbousman lajan asistans piblik w'ap resevwa nan men leta.

Kijan m kapab jwenn infòmasyon sou jan ka m-nan ap mache?

Eseye konprann ke nou pwal sèvi ak tout resous ki disponib pou rezoud ka'w la . Ou dwe ban-nou tan ki nesèsè pou nou fini ak rechèch n'ap fè nan kad ka pa w' la. Lè ou plede ap rele biwo nou-an san rete pou poze keksyon sou jan ka'w la ap mache, sa bay reta sou jesyon ka-a. Men si w gen nenpòt nouvo enfòmasyon sou paran ki pa gen chay timoun yo, tankou kote li ye, kote l' ap travay, nimewo sekirite sosyal li, eksetera, tanpri rele nou . Pou w' bay nouvo infòmasyon, oswa si'w gen keksyon sou ka w' la, kontakte sant apèl nou-an nan (305) 530-2600.



BIWO AVOKA ETA A NAN MIAMI-DADE

Divisyon Ranfòsman Sipò Timoun
100 South Biscayne Blvd, Suite 3100

Miami, Florida 33131
(305) 530-2600

www.miamisao.com

201_01-71 11/07



**Katherine
Fernandez Rundle**

KOMISÈ GOUVÈNMANÈ
www.miamisao.com

Lajistis Kómanse Isi a



Ranfòfaman
Sipò
TIMOUN

Èske’w kapab jwenn ki kote paran ki pa gen chay timoun-nan (NCP) ye?

Nou fèt pou nou konnen ki kote pou’n jwenn paran ki responsab bay sipò-a. Si’n pa konnen kote l’ye, n’ap chèche’l gras a tout kalite resous lokal, leta ak federal ki genyen pou jwenn ki kote yon moun ye. Nap mande’w pou’w bay tout infòmasyon ou genyen sou paran ki pa gen chay timoun nan. Patisipasyon’w se va yon bagay ki inpòtan.

Kisa yo rele etablisman patènite?

Èske’w kapab ede’ m si’ m gen yon manda pou sipò timoun ki egziste deja?

Si’w deja gen yon manda pou sipò timoun ak asirans medikal, n’ap sèvi ak fòs total lalwa pou fè yo respekte manda sa-a. Si tribinal-la pa bay manda, premye sa n’ap fè, n’ap tabli yon obligasyon sipò timoun ak sipò medikal.

Kijan pou mwen aplike pou sèvis?

Si’w se yon paran k’ap resevwa asistans piblik, Mediked avèk/ oswa kupon pou manje, y’ap refere-w otomatikman bay Divizyon Ranfòsman Sipò Timoun. Ou fèt pou’w kowopere avèk efò n’ap fè pou’w resevwa sipò. Si’w pa reponn lè nou mande’w infòmasyon oswa si’w pa vini nan randevou ak jijman nan tribinal yo, sa ka lakòz yo inpoze sanksyon k’ap fè’w vin gen mwens avantaj oswa ou vin pa gen avantaj ditou.

Si’w pa resevwa asistans piblik oswa Mediked, ou fèt pou ou ranpli yon aplikasyon pou sèvis nou. Kowoperasyon’w se yon bagay obligatwa. Si’w pa kowopere, sa kapab lakòz yo femen ka sipò pou timoun ou an.

Kijan mwen kapab resevwa yon manda pou sipò timoun?

Yap revise ka’w a pou yo wè si’w ranpli kondisyon po yo kreye lòd administratif. Si ka’w la ranpli kondisyon sa a, oudenm oswa paran ki pa gen chay timoun nan, dwe ranpli yon dokiman epi remèt dokiman sa yo alè. Depi dokiman sa yo rive

alè nan men nou, yon manda degzekisyon on ap kreye san ke’w pa bezwen ale nan tribinal. Si ka’w la pa ranpli kondisyon sa yo pou yon manda degzekisyon nap trete ka’w la devan yon jij.

Y’ap ba’w yon randevou nan yon lèt k ap gen ladann lis tout dokiman’w dwe pote nan randevou-an. N’ap bezwen infòmasyon sou kantite lajan ni ou menm, ni paran ki pa gen chay timoun-nan fè, pou tabli yon ka sipò. W’ap gen pou’w bay yon esplikasyon alekri si’w pa kapab jwenn sèten papye. Ou fèt pou’w bay tou infòmasyon espesifik sou nenpòt lòt ka legal ki konsène pitit-ou, kèlkeswa kalite ka li ye oswa li te ye. N’ap an mezi jere ka’w la pi vit si ou pote tout dokiman ak tout infòmasyon yo mande’w.

Konbyen tan li pran pou yo resevwa yon manda?

Si’w konnen kote paran ki pa gen chay timoun-nan ye, y’ap anrejistre ka-a epi paran ki pa gen chay timoun-nan ap resevwa kopi dokiman’w siyen-an, ansanm ak tout affidavit finansye’w . Si sa nesèsè, y’ ap bay yon dat pou nou parèt devan tribinal, apre nou fin konnen ke paran ki pa gen chay timoun-nan resevwa papye ki konsène ka-a. Nou pa kapab di egzakteman konbyen tan l’ap pran pou n’ale devan lajistis; chak ka diferan. Faktè tankou avoka ki opoze, demann pou tès patènite, oswa nesosite pou kopi sètifye manda sipò ki egziste deja, kapab bay reta. Ou kapab resevwa yon manda nan twa mwa (pou pi piti), menm jan tou ou kapab resevwa-l nan ennan (pou pi plis).

Ki kantite lajan y’ap mande pou sipò timoun-nan?

Kantite lanjan yo mande baze sou direktiv ke lwa Laflorid mete sou pye; direktiv sa-yo pran an konsiderasyon sa timoun-nan bezwen ak kantite lajan chak paran fè. Y’ap gade tou ki kantite lajan timoun-nan bezwen pou l’ale nan gadri epi pou li jwenn asirans sante. Kou yo anrejistre yon manda, an jeneral se pou sipò timoun nan moman prezan-an, pou asirans medikal, ak petèt lòt ka tankou sipò ki retwoaktif. An jeneral yo bay yon manda dediksyon sou revni nan chak jijman, ki vle di chak peman sèti dirèkteman nan chèk travay paran ki pa gen chay timoun-nan.

Kisa ki rive lè paran ki pa gen chay timoun-nan pa bay lajan?

Inite ranfòsman nou-an ap travay pou yo fè paran ki pa gen chay timoun-nan kontinye peye

Men kèk metòd ranfòsman nou itilize:

Dediksyon nan lajan paran-an fè

Nou pran lajan sou chèk travay paran ki pa gen chay timoun-nan.

Pran lajan IRS ranbouse anvan li rive nan men mèt li

Yo kapab pran lajan sou chèk IRS voye bay paran-an, depi anvan li rive jwenn chèk sa-a.

Pran lajan loto anvan li rive nan men mèt li

Yo kapab pran lajan paran-an genyen nan loto Florid lè li \$600 oswa pi plis.

Poze sele

Nan sèten ka, tribinal kapab poze sele sou kay ak pwopriyete pèsònèl paran an.

Ajans ki rapòte infòmasyon sou konsomatè

Yo bay infòmasyon lè paran an pa peye sipò pou timoun nan bay ajans ki rapòte infòmasyon sou kredi,sa ki kapab afekte kredi paran ki pa gen chay timoun-nan.

Sispansyon lisans

Lisans pou kondwi, anrejistremachin, ak lisans biznis pwo-fesyonèl kapab sispann oswa anile.

Referans pou dezobeyisans tribinal

Yo kapab refere ka-a bay lajistis, kote para- an kapab resevwa penalite tankou prizon.

Refi Paspò

Yo kapab refize bay paran ki pa gen chay timoun-nan paspò si kantite lajan sètifye li dwe a depase \$2,500.

Èske kantite lajan yo bay pou sipò timoun-nan kapab vin pi plis?

Kou yo fin tabli manda sipò-a, yo kapab modifye li si gen yon chanjman inpòtan nan sitiyasyon finansye’w oswa sitiyasyon paran ki pa gen chay timoun nan. Si’w mande modifikasyon-an, n’ap rekalkile montan lajan-an baze sou sitiyasyon finansye prezan tou de paran yo. Nòmalmman, nou voye petisyon pou modifikasyon-an nan tribinal si nou wè ke montan lajan-an ta dwe chanje de 15% oswa \$50 pa mwa, sa ki pi plis la. Si se yon ka ki ant eta (ki enplike yon lòt eta ladann), kapab gen restriksyon anplis.

Èske’w kapab ede si paran ki pa gen chay timoun-nan rete nan yon lòt eta?

Wi. Lè paran ki gen chay timoun-nan ak paran ki pa gen chay timoun lan pa rete nan menm eta, Biwo Komise Gouvenman -an travay ak Biwo Sipò Timoun ki nan eta sa-yo. Lè paran ki pa gen chay timoun-nan rete nan yon lòt eta, nou fèt pou nou pèmèt Biwo Ranfòsman Sipò Timoun ki nan lòt eta-a ansanm ak sistèm tribinal-la jere ka-a selon kantite tan ki aplike nan eta yo’a, kòm yo gen otorite legal.

Si n’ap eseye tabli yon nouvo manda pou sipò, pwosedi-a kapab pran 6 a 12 mwa. Si deja gen yon manda pou sipò, gen de eta k’ap kite nou dedwi sipò nan chèk salè paran ki pa gen chay timoun-nan. Men si paran ki pa gen chay timoun-nan viv nan yon eta ki pa pèmèt sa, oswa si pa gen okenn manda pou sipò, nou fèt pou nou anrejistre ka-a ak ajan sipò timoun nan lòt eta-a.

Akò entènasyonal nan peyi etranje pèmèt nou aji pou’w menm lè paran ki pa gen chay timoun la viv nan yon lòt peyi.

Ki moun ki kapab resevwa

sèvis sipò timoun?

Tout timoun gen dwa pou li resevwa sipò nan men toude paran-li jiskaske li vin gen 18 an daj. Sa se lalwa nan eta Laflorid (gen lòt eta ki pa gen menm lwa). Kounyeya Laflorid pi djyanm nan zafè timoun k'ap resevwa sipò sa-a.

Lè yon paran oswa yon moun ki responsab yon timoun gen chay timoun-nan epi lòt paran-an pa bay sipò finansye, Pwogram Ranfòsman Sipò Timoun nan Biwo Komisè Gouvènman an (SAO) kapab ede.

Si'w se paran ki gen chay yon timoun (ki vle di, timoun-nan rete nan menm kay avèk-ou), w' pa poukont'w nan efò w'ap fè pou ou jwenn lajan oswa avantaj medikal pou pitit-ou. Nou la pou' n ede w' ansanm ak tout pitit ou.

N'ap ed-ew nan domèn sila-yo

- ▶ Jwenn ki kote paran ki disparèt-la ye, pou'l kapab bay lajan pou sipò timoun-nan
- ▶ Detèmine patènite, lè sa nesèsè
- ▶ Tabli yon manda pou sipò medikal ak finansye
- ▶ Fè yo respekte manda pou sipò
- ▶ Modifye manda pou sipò

Kijan yo jere lajan moun peye pou sipò?

Tout lajan yo bay pou sipò timoun fèt pou l'ale nan kont bank State of Florida Disbursement Unit, PO Box 8500, Tallahassee, FL 32314-8500. Yo kreye dosye ki ofisyèl nan tribinal sou zafè peman ak debousman lajan, sa ki pèmèt pwogram sipò timoun nan kapab ranfòse epitou kontwòle ka sipò timoun paw' la . Ou pa fèt pou w' pran lajan dirèkteman nan men paran hi sipoze peye a . Si'w pa resevwa asistans piblik, y'ap voye yon chèk pa lapòs pou'w , nòmalmman nan yon delè de jou travay apre yo fin resevwa peman-an; chèk sa-a se Tallahassee l'ap sòti. Si'w resevwa asistans piblik, Eta Laflorid ap kenbe peman-yo kòm ranbousman lajan asistans piblik w'ap resevwa nan men leta.

Kijan m kapab jwenn infòmasyon sou jan ka m-nan ap mache?

Eseye konprann ke nou pwal sèvi ak tout resous ki disponib pou rezoud ka'w la . Ou dwe ban-nou tan ki nesèsè pou nou fini ak rechèch n'ap fè nan kad ka pa w' la. Lè ou plede ap rele biwo nou-an san rete pou poze keksyon sou jan ka'w la ap mache, sa bay reta sou jesyon ka-a. Men si w gen nenpòt nouvo enfòmasyon sou paran ki pa gen chay timoun yo, tankou kote li ye, kote l' ap travay, nimewo sekirite sosyal li, eksetera, tanpri rele nou . Pou w' bay nouvo infòmasyon, oswa si'w gen keksyon sou ka w' la, kontakte sant apèl nou-an nan (305) 530-2600.



BIWO AVOKA ETA A NAN MIAMI-DADE

Divisyon Ranfòsman Sipò Timoun
100 South Biscayne Blvd, Suite 3100

Miami, Florida 33131
(305) 530-2600

www.miamisao.com

201_01-71 11/07



**Katherine
Fernandez Rundle**

KOMISÈ GOUVÈNMANÈ
www.miamisao.com

Lajistis Kómanse Isi a



Ranfòfaman
Sipò
TIMOUN

Èske’w kapab jwenn ki kote paran ki pa gen chay timoun-nan (NCP) ye?

Nou fèt pou nou konnen ki kote pou’n jwenn paran ki responsab bay sipò-a. Si’n pa konnen kote l’ye, n’ap chèche’l gras a tout kalite resous lokal, leta ak federal ki genyen pou jwenn ki kote yon moun ye. Nap mande’w pou’w bay tout infòmasyon ou genyen sou paran ki pa gen chay timoun nan. Patisipasyon’w se va yon bagay ki inpòtan.

Kisa yo rele etablisman patènite?

Èske’w kapab ede’ m si’ m gen yon manda pou sipò timoun ki egziste deja?

Si’w deja gen yon manda pou sipò timoun ak asirans medikal, n’ap sèvi ak fòs total lalwa pou fè yo respekte manda sa-a. Si tribinal-la pa bay manda, premye sa n’ap fè, n’ap tabli yon obligasyon sipò timoun ak sipò medikal.

Kijan pou mwen aplike pou sèvis?

Si’w se yon paran k’ap resevwa asistans piblik, Mediked avèk/ oswa kupon pou manje, y’ap refere-w otomatikman bay Divizyon Ranfòsman Sipò Timoun. Ou fèt pou’w kowopere avèk efò n’ap fè pou’w resevwa sipò. Si’w pa reponn lè nou mande’w infòmasyon oswa si’w pa vini nan randevou ak jijman nan tribinal yo, sa ka lakòz yo inpoze sanksyon k’ap fè’w vin gen mwens avantaj oswa ou vin pa gen avantaj ditou.

Si’w pa resevwa asistans piblik oswa Mediked, ou fèt pou ou ranpli yon aplikasyon pou sèvis nou. Kowoperasyon’w se yon bagay obligatwa. Si’w pa kowopere, sa kapab lakòz yo femen ka sipò pou timoun ou an.

Kijan mwen kapab resevwa yon manda pou sipò timoun?

Yap revise ka’w a pou yo wè si’w ranpli kondisyon po yo kreye lòd administratif. Si ka’w la ranpli kondisyon sa a, oudenm oswa paran ki pa gen chay timoun nan, dwe ranpli yon dokiman epi remèt dokiman sa yo alè. Depi dokiman sa yo rive

alè nan men nou, yon manda degzekisyon on ap kreye san ke’w pa bezwen ale nan tribinal. Si ka’w la pa ranpli kondisyon sa yo pou yon manda degzekisyon nap trete ka’w la devan yon jij.

Y’ap ba’w yon randevou nan yon lèt k ap gen ladann lis tout dokiman’w dwe pote nan randevou-an. N’ap bezwen infòmasyon sou kantite lajan ni ou menm, ni paran ki pa gen chay timoun-nan fè, pou tabli yon ka sipò. W’ap gen pou’w bay yon esplikasyon alekri si’w pa kapab jwenn sèten papye. Ou fèt pou’w bay tou infòmasyon espesifik sou nenpòt lòt ka legal ki konsène pitit-ou, kèlkeswa kalite ka li ye oswa li te ye. N’ap an mezi jere ka’w la pi vit si ou pote tout dokiman ak tout infòmasyon yo mande’w.

Konbyen tan li pran pou yo resevwa yon manda?

Si’w konnen kote paran ki pa gen chay timoun-nan ye, y’ap anrejistre ka-a epi paran ki pa gen chay timoun-nan ap resevwa kopi dokiman’w siyen-an, ansanm ak tout affidavit finansye’w . Si sa nesèsè, y’ ap bay yon dat pou nou parèt devan tribinal, apre nou fin konnen ke paran ki pa gen chay timoun-nan resevwa papye ki konsène ka-a. Nou pa kapab di egzakteman konbyen tan l’ap pran pou n’ale devan lajistis; chak ka diferan. Faktè tankou avoka ki opoze, demann pou tès patènite, oswa nesosite pou kopi sètifye manda sipò ki egziste deja, kapab bay reta. Ou kapab resevwa yon manda nan twa mwa (pou pi piti), menm jan tou ou kapab resevwa-l nan ennan (pou pi plis).

Ki kantite lajan y’ap mande pou sipò timoun-nan?

Kantite lanjan yo mande baze sou direktiv ke lwa Laflorid mete sou pye; direktiv sa-yo pran an konsiderasyon sa timoun-nan bezwen ak kantite lajan chak paran fè. Y’ap gade tou ki kantite lajan timoun-nan bezwen pou l’ale nan gadri epi pou li jwenn asirans sante. Kou yo anrejistre yon manda, an jeneral se pou sipò timoun nan moman prezan-an, pou asirans medikal, ak petèt lòt ka tankou sipò ki retwoaktif. An jeneral yo bay yon manda dediksyon sou revni nan chak jijman, ki vle di chak peman sèti dirèkteman nan chèk travay paran ki pa gen chay timoun-nan.

Kisa ki rive lè paran ki pa gen chay timoun-nan pa bay lajan?

Inite ranfòsman nou-an ap travay pou yo fè paran ki pa gen chay timoun-nan kontinye peye

Men kèk metòd ranfòsman nou itilize:

Dediksyon nan lajan paran-an fè

Nou pran lajan sou chèk travay paran ki pa gen chay timoun-nan.

Pran lajan IRS ranbouse anvan li rive nan men mèt li

Yo kapab pran lajan sou chèk IRS voye bay paran-an, depi anvan li rive jwenn chèk sa-a.

Pran lajan loto anvan li rive nan men mèt li

Yo kapab pran lajan paran-an genyen nan loto Florid lè li \$600 oswa pi plis.

Poze sele

Nan sèten ka, tribinal kapab poze sele sou kay ak pwopriyete pèsònèl paran an.

Ajans ki rapòte infòmasyon sou konsomatè

Yo bay infòmasyon lè paran an pa peye sipò pou timoun nan bay ajans ki rapòte infòmasyon sou kredi,sa ki kapab afekte kredi paran ki pa gen chay timoun-nan.

Sispansyon lisans

Lisans pou kondwi, anrejistremachin, ak lisans biznis pwo-fesyonèl kapab sispann oswa anile.

Referans pou dezobeyisans tribinal

Yo kapab refere ka-a bay lajistis, kote para- an kapab resevwa penalite tankou prizon.

Refi Paspò

Yo kapab refize bay paran ki pa gen chay timoun-nan paspò si kantite lajan sètifye li dwe a depase \$2,500.

Èske kantite lajan yo bay pou sipò timoun-nan kapab vin pi plis?

Kou yo fin tabli manda sipò-a, yo kapab modifye li si gen yon chanjman inpòtan nan sitiyasyon finansye’w oswa sitiyasyon paran ki pa gen chay timoun nan. Si’w mande modifikasyon-an, n’ap rekalkile montan lajan-an baze sou sitiyasyon finansye prezan tou de paran yo. Nòmalmman, nou voye petisyon pou modifikasyon-an nan tribinal si nou wè ke montan lajan-an ta dwe chanje de 15% oswa \$50 pa mwa, sa ki pi plis la. Si se yon ka ki ant eta (ki enplike yon lòt eta ladann), kapab gen restriksyon anplis.

Èske’w kapab ede si paran ki pa gen chay timoun-nan rete nan yon lòt eta?

Wi. Lè paran ki gen chay timoun-nan ak paran ki pa gen chay timoun lan pa rete nan menm eta, Biwo Komise Gouvenman -an travay ak Biwo Sipò Timoun ki nan eta sa-yo. Lè paran ki pa gen chay timoun-nan rete nan yon lòt eta, nou fèt pou nou pèmèt Biwo Ranfòsman Sipò Timoun ki nan lòt eta-a ansanm ak sistèm tribinal-la jere ka-a selon kantite tan ki aplike nan eta yo’a, kòm yo gen otorite legal.

Si n’ap eseye tabli yon nouvo manda pou sipò, pwosedi-a kapab pran 6 a 12 mwa. Si deja gen yon manda pou sipò, gen de eta k’ap kite nou dedwi sipò nan chèk salè paran ki pa gen chay timoun-nan. Men si paran ki pa gen chay timoun-nan viv nan yon eta ki pa pèmèt sa, oswa si pa gen okenn manda pou sipò, nou fèt pou nou anrejistre ka-a ak ajan sipò timoun nan lòt eta-a.

Akò entènasyonal nan peyi etranje pèmèt nou aji pou’w menm lè paran ki pa gen chay timoun la viv nan yon lòt peyi.